# Темэр: Деепричастиехэр зэрэзэхъок1хэрэр.

# *Мурадыр:*

деепричастиехэр глаголхэм афэдэу, шъхьахэмк1э, уахътэхэмк1э ык1и пчъагъэхэмк1э зэрэзэхъок1хэрэр к1элэеджак1омэ аш1эныр.

# *Выборочнэ диктант.*

*Текстым къыхэфэгъэ деепричастихэр къыхатхык1ыщтых.*

Псынк1эу л1ыжъым зифапи, унэм ик1ыгъ. Пчъэ1упэм 1утэу дэ1уагъэ. Щытзэ ц1ыф гузэжъо макъэ горэ Исхьакъ ытхьак1умэ къыридзагъ. Джэ макъэр къызди1ук1рэ лъэныкъомк1э к1и1агъ.Тучаным нэсыгъэу осым хэлъыл1ыр ылъэгъугъ.

***Гущы1эухыгъэм хэтын фэе тамыгъэхэр хагъэуцожьыщт, деепричастием к1агъэтхъыщт.***

К1алэр нахь къэблагъэ къэси ныом ышъхьэ джыдэдэм къыш1озыщтым фэдэу, нахь лъэшэу зэш1уищзэ, къэплъэ.

***Гущы1эухыгъэм хэтын фэе тамыгъэхэр хагъэуцожьыщт, глаголыр къыхагъэщыщт.***

Колхоз тхьаматэу партизанмэ къахэхьажьыгъэу, Къармокъо Махьмуд а къэбарыр къафихьыгъ.

| | Зы пчъагъ. | | Бэ пчъагъ. | |
|---|---|---|---|---|
| 1-рэ шъхьэр | сеплъэу | сеплъызэ | теплъэу | теплъзэ |
| 2-рэ шъхьэр | уеплъэу | уеплъзэ | шъуеп-лъэу | шъуеплъ-зэ |
| 3-рэ шъхьэр | еплъэу | еплъзэ | еплъхэу | еплъхэзэ |

*Лъапсахэу* –зэ къызпыхьэрэ деепричастиер мы уахътэм ит: *<u>к1озэ, лажьэзэ, еджэзэ, чъэзэ.</u>*

*Лъэпсахэу* –эу/ -у къызпыхьэрэ деепричастиехэр охътищми арэтых.

*Лъэпсэхэ* зэфэшъхьафхэр зыпыт деепричастиехэр зэгъусэхэу агъэфедэхэу мэхъу, гущы1эм пае: *<u>ежьагъэу к1озэ.</u>*

# Творческэ 1офш1эн.

*Мы глаголхэм деепричастиехэр къатежъугъэк1зэ, гущы1эухыгъэхэр къэшъутх.*

Плъэ, едж, тхэ, гъалэ, к1о.

*__Зэрэпш1ыщтыр:__* Тхылъым седжэзэ, сишъэогъу унэм сырищыгъ.

Мы къык1элъык1ощт текстыр адыгабзэк1э зэрадзэк1ыжьы.

Лиса.

Лиса бежала по лесу и встретила зайца. Лисичка была голодная. На снегу были видны лисьи следы. У лисы в норе были лисята. Они ждали лису.

Унэмк1э гъэцэк1эн.

нэк1. 106, 1офш1эн 450.